

KESYON E REPONS KONSÈNAN

Methicillin-resistant *Staphylococcus aureus* (MRSA)

Kisa ki MRSA?

MRSA se yon tip bakteri ki reziste a kèk tip antibyotik. Pou w konprann MRSA, li enpòtan pou w aprann bakteri *Staphylococcus aureus* lan, ke nou rele souvan “staph,” paske MRSA se yon espès “staph”.

Kisa ki “staph”?

“Staph” se bakteri moun ki an sante kouramman pòte sou po yo oubyen nan nen yo. Anviwon 25-30% moun nan popilasyon amerikèn lan pòte “staph” tout tan sou kò yo.

Èske “staph” souvan koze maladi nan kò moun?

Non. Anpil moun pòte “staph” nan nen yo, oubyen sou po kò yo pandan yon tan, e moun sa yo pa menm okouran yo pòte mikwòb sa yo. Moun sa yo pa gen enfeksyon sou po yo. Yo pa montre nonpli sentòm lòt maladi. Nou rele kozman sa a “colonization.”

Pafwa, “staph” kapab koze enfeksyon tou tankou bouton, gratèl, ak lòt pwoblèm sou po kò an. Enfeksyon sa yo kapap genyen pi, yo ka grate, yo ka cho. Okazyonèlman, “staph” ka koze enfeksyon ki pi serye.

Kijan “staph” yo pwopaje?

Se nan kontak dirèk po a po ke “staph” yo pwopaje, tankou nan bay lanmen, nan lite kò a kò, ou nan nenpòt lòt kontak dirèk antr kò 2 moun. “Staph” lan simaye tou nan kontak ak bagay ki te kole ak kò yon lòt moun ki gen “staph”, tankou lè 2 moun itilize menm sèvyèt deben, tankou lè moun k ap fè espò ansanm ap itilize menm ekipman yo.

Enfeksyon avèk “staph” kòmanse lè mikwòb lan antre nan yon blesi, yon kote po an grafonyen, ou nan nenpòt lòt donmaj. Moun ki gen enfeksyon sou po yo—bouton ki anfle e ki ap fè mal, klou, epi gratèl, pa ekzanp—dwe fè atansyon pou yo pa simaye enfeksyon yo an bay lòt moun.

Èske MRSA diferan de lòt “staph” yo?

Wi. MRSA se yon “staph” diferan de lòt staph yo, paske gen antibyotik nou pa ka itilize pou nou trete li. Lè se antibyotik ki nesèsè pou tretman yon enfeksyon MRSA, nou dwe itilize antibyotik sa ki kòrèk lan. Si nou pa itilize bonjan antibyotik lan, tretman an gen dwa pa mache.

Nan lòt fason yo, MRSA ekzakteman menm jan ak tout lòt “staph” yo, tankou:

- Moun an sante kapab gen MRSA sou po kò yo, oubyen nan nen yo, epi moun sa yo gen dwa pa gen okenn enfeksyon nan sans kote moun sa yo ta malad.
- MRSA ka koze ti pwoblèm po ki pa grav, epi ki disparèt san tretman medical espesyal.
- MRSA pwopaje menm jan ak lòt “staph” yo.
- MRSA gen menm sentòm (symptoms) ak lòt enfeksyon “staph” yo.

Pafwa, nou itilize mo “mersa” a pou nou rele “MRSA”, oubyen nou senpleman eple tout 4 lèt yo tankou “M-R-S-A”

Kijan nou santi “symptoms” yon enfeksyon lè se “staph” ki koze enfeksyon sa a?

Depi gen bouton, gratèl, klou chaje ak pi, sitou lè zòn po sa yo cho, fè mal, wouj, ou anfle, nou ka di gen yon enfeksyon «staph» ou «MRSA» sou po an.

Okazyonèlman, “staph” ka koze pwoblèm pi serye tou, tankou enfekte kote ki te opere, san nan kò an, ou menm koze pnemoni. “Symptoms” yo ka parèt tankou yon lafyèv cho, enflamasyon, blesi cho e douloure, maltèt, fatig, elatriye.

Kisa m dwe fè si m santi mwen gen yon enfeksyon “staph” sou po kò mwen?

Kenbe zòn lan pwòp e sèch. Vizite doktè ou, sitou si se yon gwo enfeksyon douloure, cho lè ou touché li, e ke li pa geri pou kont li.

Kijan doktè m lan pral fè konnen ke m gen yon enfeksyon “MRSA”?

Tès laboratwa se sèl mwayen ki ka eksplike diferans ant enfeksyon MRSA e lòt enfeksyon staph yo. Tès lab yo pral ede doktè an pran desizyon tou sou tip antibyotik li dwe itilize pou tretman an, si itilizasyon antibyotik nesèsè. Konsa, doktè an ka pran yon ti echantiyon sou yon ti bwa ak koton wat (like a Q-tip) kote enfeksyon an ye an. Doktè an ap voye echantiyon an nan yon lab ki pral detèmine si se yon enfeksyon MRSA. Doktè an ka mande pou san ak lòt likid kò an teste tou pou staph.

Kijan pou nou trete enfeksyon MRSA yo?

Avèk bonjan swen otou blesi epi po kò nou, nou ka trete pifò enfeksyon MRSA sou po kò nou: kenbe zòn malad lan pwòp e sèch, toujou lave men nou anvan e aprè nou trete zòn malad lan, ekate swayezman tout bandaj, epi bay kò an tan pou li geri.

Gen tretman ki nesèsite antibyotik. Tès lab yo ap ede doktè ou deside ki antibyotik ki apwopriye pou tretman an, si tretman ak antibyotik nesèsè. Si doktè w preskri w antibyotik, ou dwe fè tout sa doktè w lan di w pou fè. Si detwa jou aprè ou wè doktè an, ou pa jwenn amelyorasyon, retounen kay doktè an.

Kijan mwen ka prevni yon enfeksyon staph?

- Meyè fason pou w preni pran enfeksyon MRSA, ou pase l bay lòt moun, se lave men w yo regilyèman. Savonnen men w souvan, itilize dlo tyèd, siye men w ak ti koton ki gen alkòl yo, sitou aprè yon kontak dirèk ak po yon lòt moun.
- Kenbe blesi ak grafonyen yo pwòp, kouvri yo avèk bandaj jiskaske yo geri.
- Evite tout kontak avèk blesi ak bandaj de kò lòt moun.
- Evite pataje avèk lòt moun atik pèsònèl tankou sèvyèt, bòs, bòsdan, epi razwa. Pataj atik sa yo ka ede transfere staph yo de yon moun a yon lòt.
- Kenbe po kò ou an sante, pa kite po kò ou vini sèk, krake, sitou pandan sezon livè an. Lè po kò ou an sante, sa ede ou evite pou staph ki sou sifas po kò ou al koze yon enfeksyon anba po kò an.
- Antre an kontak ak doktè w si w gen yon enfeksyon sou po w ki pa amelyore.

**Pou plis enfòmasyon konsènan MRSA,
vizite website MDPH lan nan www.mass.gov/dph**